

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana pedaran nu geus ditepikeun dina bab saméméhna, aya sababaraha kacindekan anu patali jeung kamampuh ngaregepkeun carpon siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran NHT di SMP Negeri 44 Bandung.

Rata-rata kamampuh ngaregepkeun siswa di kelas IX B SMP Negeri 44 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran NHT nya éta 50,73 nu ngawengku 6 kamampuh maham unsur nyarita nya éta tema, tokoh jeung panokohan, latar, galur, puseur sawangan, amanat jeung nyaritakeun deui eusi carita pondok. Dina kamampuh maham téma, rata-rata peunteun siswa nya éta 1,4 tina rata-rata 3 nu kudu dihontal, dina aspék tokoh jeung panokohan; rata-rata peunteun siswa nya éta 1,3 tina rata-rata 4 nu kudu dihontal, dina aspék latar, rata-rata peunteun siswa nya éta 2 tina rata-rata 4 nu kudu dihontal, dina aspék galur, rata-rata peunteun siswa nya éta 2,3 tina rata-rata 3 nu kudu dihontal, dina aspék puseur sawangan, rata-rata peunteun siswa nya éta 1,9 tina rata-rata 3 nu kudu dihontal, dina aspék amanat, rata-rata peunteun siswa nya éta 2,6 tina rata-rata 3 nu kudu dihontal, jeung dina aspék basa atawa nyaritakeun deui eusi carpon, rata-rata peunteun siswa nya éta 1,02 tina rata-rata 5 nu kudu dihontal. Hal ieu nuduhkeun yén kamampuh ngaregepkeun siswa téh masih jauh tina rata-rata atawa KKM nu kudu di hontal nya éta 78.

Rata-rata kamampuh ngaregepkeun siswa di kelas IX B SMP Negeri 44 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran NHT nya éta 90 nu ngawengku 6 kamampuh maham unsur nyarita nya éta tema, tokoh jeung panokohan, latar, galur, puseur sawangan, amanat jeung jalan carita. Dina kamampuh maham aspék téma rata-rata peunteun siswa nya éta 1,7 tina rata-rata 3 nu kudu dihontal, dina aspék tokoh jeung panokohan, rata-rata peunteun siswa nya éta 3,7 tina rata-rata 4 nu kudu dihontal, dina aspék latar, rata-rata peunteun siswa nya éta 3,5 tina rata-rata 4 nu kudu dihontal, dina aspék galur, rata-rata peunteun siswa nya éta 2,8 tina rata-rata 3 nu kudu dihontal, dina aspék puseur sawangan, rata-rata peunteun

siswa nya éta 3 tina rata-rata 3 nu kudu dihontal, dina aspék amanat, rata-rata peunteun siswa nya éta 3 tina rata-rata 3 nu kudu dihontal, jeung dina aspék basa atawa nyaritakeun deui eusi carpon, rata-rata peunteun siswa nya éta 4,6 tina rata-rata 5 nu kudu dihontal. Hal ieu nuduhkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun carpon di SMP Negeri 44 Bandung téh ngaronjat kalawan nyumponan KKM.

Hasil panalungtikan manggihan yén  $t_{itung} (5,60) > t_{tabel} (2,46)$  dina taraf kapercayaan 99%, hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_o$ ) ditolak. Hartina modél pangajaran NHT bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun carpon siswa kelas IX B SMP Negeri 44 Bandung.

## 5.2 Saran

Sabada dilakukeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran NHT pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun siswa tur hasilna ngaronjat, dipiharep modél pangajaran NHT ieu bisa jadi salah sahiji alternatif dina pangajaran ngaregepkeun hususna dina pangajaran basa Sunda.

Saran tina panalungtikan ieu, dipiharep guru bisa milih modél pangajaran nu cocog pikeun diajar siswa sangkan teu monoton. Pikeun siswa dipiharep ku ayana modél-modél pangajaran téh bisa numuwuhkeun sumanget tur bisa ngaronjatkeun hasil diajar. Pikeun umumna dipiharep kahareupna loba panalungtikan-panalungtikan ngeunaan modél pangajaran nu bisa mantuan guru boh siswa dina prosés diajar di kelas, hususna panalungtikan ngeunaan modél pangajaran NHT sangkan bisa leuwih jembar deui ambahanana.